



Sa Ou Bezwen Konnen sou Restriksyon Lokalize Vil New York yo

COVID-19 kontinye pwopaje nan Vil New York (NYC) avèk ogmansyon ki preyokipan sou transmisyon kominotè nan kèk katye. NYC ap pran mezi nan egzekite restriksyon nan twa zòn Eta a idantifye—wouj, jòn abriko, jòn. Pou jwenn zòn yo vizite: nyc.gov/COVIDZone.

Zòn Wouj

Lekòl yo

Tout lekòl piblik ak lekòl ki pa piblik nan Vil New York yo dwe fèmen epi yo dwe retounen totalman nan aprantisaj adistans.

Biznis yo

Yo egzije tout biznis ki pa esansyèl yo pou yo fèmen. Sèlman [biznis esansyèl yo](#) jan Empire State Development Corporation Eta New York la endike sa a kapab rete ouvè.

Etablisman Sèvis Manje yo

Restoran yo, ba yo, kafe yo ak lòt etablisman sèvis manje yo kapab bay sèvis pou anpòte ak livrezon sèlman. Yo pa otorize okenn espas manje andedan oswa deyò.

Tanp Adorasyon

Tanp adorasyon yo gendwa rete ouvè nan 25% kapasite a, jiska yon maksimòm 10 moun, kèlkeswa sa ki fèt avan an.

Rasanbleman yo

Rasanbleman ki pa esansyèl yo nenpòt dimansyon an entèdi epi yo dwe repòte oswa anile yo. Nenpòt moun ki ankouraje, pwomouvwa oswa òganize rasanbleman an mas yo dwe resevwa kontravasyon jiska 15,000 dola pa jou.

Zòn Jòn Abriko yo

Lekòl yo

Tout lekòl piblik ak lekòl ki pa piblik nan Vil New York yo dwe fèmen epi yo dwe retounen totalman nan aprantisaj adistans.

Biznis yo

Biznis yo gen ladan sant jimnastik yo ak aktivite fizik yo, ak sèvis swen pèsonèl yo, gen ladan boutik kwafè yo, salon kwafi yo, espa yo, oswa salon pising yo, teknisyen zong yo ak salon zong yo, kosmetològ yo, estetisyèn yo, sèvis eliminasyon cheve ak elektwoliz, etc.

Etablisman Sèvis Manje yo

Restoran yo, ba yo, kafe yo ak lòt etablisman sèvis manje yo kapab bay sèvis manje deyò ak pou anpòte ak sèvis livrezon sèlman. Genyen yon maksimòm kat moun pa tab. Yo pa otorize okenn espas pou manje andedan.

Tanp Adorasyon

Tanp adorasyon yo gendwa rete ouvè nan 33% kapasite a, jiska yon maksimòm 25 moun, kèlkeswa sa ki pi piti a.

Rasanbleman yo

Rasanbleman ki pa esansyèl yo dwe limite ak pa plis pase 10 moun ni pou etablisman andedan ak etablisman deyò yo. Nenpòt moun ki ankouraje, pwomouvwa oswa òganize rasanbleman an mas yo dwe resevwa kontravasyon jiska 15,000 dola pa jou.

Zòn Jòn

Lekòl yo

Tout lekòl piblik ak lekòl ki pa piblik Vil New York yo gendwa rete ouvè. Eta New York pral pibliye direktiv pou tès yo vandredi, 9/10/2020.

Biznis yo

Tout biznis yo gendwa rete ouvè men yo dwe swiv egzijans pou COVID-19 yo pou [sektè](#) yo a.

Etablisman Sèvis Manje yo

Yo otorize espas manje andedan ak deyò. Genyen yon maksimòm kat moun pa tab.

Tanp Adorasyon

Tanp Adorasyon yo gendwa rete ouvè nan maksimòm 50% kapasite a.

Rasanbleman yo

Rasanbleman ki pa esansyèl yo dwe limite nan 25 moun maksimòm ni pou etablisman andedan ak ni pou etablisman deyò yo. Nenpòt moun ki ankouraje, pwomouvwa oswa òganize rasanbleman an mas yo dwe resevwa kontravasyon jiska 15,000 dola pa jou.

Tout Zòn yo

Tout Nouyòkè kapab pran kèk mezi pou ede anpeche pwopagasyon COVID-19 la:

- **Rete lakay:** Rete lakay, espesyalman si ou malad sof si ou ap soti pou al pran swen medikal ki esansyèl oswa fè lòt komisyon ki esansyèl.
- **Distans fizik:** Rete nan yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo. Pa patisipe nan gwo rasanbleman yo, espesyalman rasanbleman andedan yo. Sonje kenbe yon distans ant oumenm ak lòt moun yo menm lè ou pote yon kouvèti pou figi.
- **Mete yon kouvèti pou figi:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san ou pa gen sentòm epi ou ka pwopaje maladi a lè ou touse, estène oswa pale. Lè yo pote yo kòrèkteman (lè yo kouvri ni nen ou ak bouch ou), kouvèti pou figi yo kapab ede redwi pwopagasyon COVID-19 la.
- **Pratike ijyèn men pwòp:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib; netwaye sifas moun touche souvan yo regilyèman; evite touche figi ou avèk men ou san lave; epi kouvri bouch ou ak bra ou lè ou ap touse oswa etènye, pa itilize men ou.
- **Fè tès.** Pou ou jwenn yon sit pou fè tès COVID-19 tou pre ou, vizite nyc.gov/covidtest oswa rele 212-268-4319. Tès la gratis nan anpil sit yo, gen ladan tout sit ke Health + Hospitals ak Depatman Sante NYC ap jere yo.

Pou enfòmasyon jeneral sou COVID-19, vizite nyc.gov/health/coronavirus.

Depatman Sante Vil New York ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

10.7.20